ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№130 (21.288) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Дин лэжьакІуэхэри хэкупсэу щытын хуейщ

Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ Урысейм Щынагъуэщагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъым и унафэщІ Бортников Александр Ростов къалэм щригъэкІуэкІащ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и зэІущІэ.

АБЫ КЪЫЩЫЩЦІПСАЛЪЭМ, КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхуКІащ терроризмэм пэщІэтынымкІэ уполномоченнэ органхэм республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэжьэкІыр. Дызэрыт илъэсым кърибыдэу Террорым пэщІэтынымкІэ республикэм и комиссэм и зэІущІэхэм зыщытепсэлъыхьа Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ этнополитикэ, дин зэхуэщытыкІэхэр. Экономикэ, жылагъуэ щынагъэншагъэмкІэ советым хэтхэр кърихьэлІэу хэпльащ дин егъэлеиныгъэхэмэ терроризмэмрэ земыгъэубгъуным и лъэныкъуэкІэ хабзэхъуэм зэфІэкІэхэм.

КЪБР-м и Президентыр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ «2007 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ дин зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ абыхэм кърагал дэІепыкъуныгъэ етыныкымрэ» республикэ программэ хэха зэрызэхалъхьам, абы кышыщІэлъэгъуэ Іуэху нэхъыщхьэхэм. Программэм ипкъ иткІэ зэпымыууэ къапщытэнущ лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэм зэрызаужьыр.

Апхуэдэу республикэм мы зэманым щагъэзащІэ щІалэгъуалэм тэмакъкІыкъэ хьэлъ, экстремизмэм димышэхыу гъэсэным хуэунэтІауэ программэ щхьэхуэ. Абы хиубыдэу ирагъэкІуэкІынущ «Диныр егъэлеиныгъэхэм я бийщ» фІэщыгъэщІэр зиІэ Іуэхур икІи абы кырагъэбгъэнущ дин зыныгъэ щІалэгъуалэр. Зэрыщыту къаштэмэ, щІалэгъуалэм гъэсэныгъэ тэмэм етыным хуэунэтІа Іуэху псори властым и муниципальнэ органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, щыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм ящыгъуу ирагъэкІуэкІынущ.

«Тхьпль къабзэ: Къэбэрдей-Балькъэрым и щІалэгъуалэр терроризмэм и бийщ» республикэпсо лэжьыгъэм хиубыдэу еджакІуэхэм гурагъэІуэнущ дин зэгухьэныгъэхэм, экстремизмэм пэщІэтыным теухуа федеральнэ законхэр, республикэм щыІэ дин зэхущытыкІэхэр, дин зэгухьэныгъэхэмрэ къэралымрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр зыхуэдэр..

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэжьэкІащ «Щ1алэгъуалэмрэ радикализмэмрэ» жылагъуэ едэІуэныгъэхэр. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, Ищэ федеральнэ округым и субъектхэм я къэралыстым и органхэм я лЫкІуэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ зегугъэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщхэр.

Республикэм ипхуэдэу кышыщзэгъэпэщащ «Лъэпкъ щэнхабзэмрэ исЛъамымрэ» щІыналъэ зэхуаку щІэныгъэ конференцыр. Абы хэтхэм зэпкърахащ исЛъам диным Урысей Ищхьэрэм щигъэзащІэ къалэнэхэр, дин, лъэпкъ Іуэхухэр дин щэнхабзэм зэрыщыгъэпыщІар.

Хабзэ хъуауэ, республикэм щІэщІэхьыуэ щрагъэжІуэкІ «Иджырей къэрал-дин зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыным щІалэгъуалэр зэрыхэтыр» диспутхэр. Абыхэм кърохьэлІэ дин зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр, КЪБР-м и Парламентым и дежщІэ ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр, студентхэр, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэмрэ аспирантхэмрэ. Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, диным, тхьдэм, абыхэм я къадэгъэгурыкІуэ хьэл-щэным щІалэгъуалэр щыгъуазэ ящІын, ахэр шыІэныгъэрэ тэмакъкІыхьагъэр яхэлъу ягъэсэн папщІэ, КЪБР-м и еджапІэхэм кышыщІэуахащ «КЪБР-м ис лъэпкъхэм я динхэм я тхьдэмрэ щэнхабзэмрэ», «Дунейпсо динхэм я лъабжьэр» факультатив курсу епщІанэ, епщІыкІуэзанэ классхэм щрагъэджэр. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэх-щІэхьыгъэ республикэм и ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр ирагъэблагъэри, дин егъэлеиныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къэмыгъэхьуным теухуа щалэгъуалэм йопсалъэ. Псори зэхэту апхуэдэ Іуэхухэм ятеухуауэ ягъабэ лекцэу 920-рэ, «стІол хьурейуэ» 25-рэ, зэпеуэ лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэу 40 ирагъэкІуэкІащ. ЗэщІыгъуу зэдзлэжьэным теухуауэ зэгурыІуэныгъэхэр Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм ярищІылІащ дин нэхъыщхьэ дыдэу щым: Урыс православнэ члисэм, Мусыльмэнхэм я Іуэхущ1ап1эм, Иудейхэм я дин зэгухьэныгъэм. А зэгурыІуэныгъэхэм ящкъ иткІэ дин лэжьакІуэхэр кьхъащэ экстремизмэм пэщІэтынымк, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ дин егъэлеиныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм емыгъэтхьэкъуным хуэунэтІа Іуэхухэм.

Къанокъуэ Арсен и псалъэм къыхихгъэщащ дин щІэныгъэр зэрырагъэгъуэтым нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъым икІи гулыитэ нэхъыбэ хуэщІын хуейуэ кыэзрилъытэр.

- И чэзу хъуауэ къыщІэкІынущ дин еджапІэ нэхъыщхьэхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм къыщызрагъэпэщыну икІи Урысей къэралыгъэм зи гуратА, хэкупсэу щыт мусыльмэн дин лэжьакІуэхэр абыхэм щагъэхьэзырыну, - кыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Минск и кум

Белоруссием и кьалащхьэ Минск лагъым кьышыгъэуащ къэралыр щхьэхуэ щыхьэ махуэм екъэлІа ГУФЛэгъэуэр зэгъэлъапІэ щыху куэд щыгъэхуэса щІыпІэм.

Абыхэм яхэтт Белоруссием и президент Лукашенки. Къэуа лагъымыр Іэрыщ1у хуагъэфащэ. Абы щІыху 50 хуэдизым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ятридащ. Я насыпти зыри хэкІуэдакъым.

Президент Лукашенко зэнафэ ищІащ къуаншэр къагъэуэтыну.

Бзаджэнаджагъэм и жэуапу

Осетие Инщэм къулыкъу зыщІэфыну псори зыхагъэхьэну дзэ щыІэхущэс. Ар и жэуапи Курржыр топхэмрэ лагъымыдзэхэмкІэ зы сыхьэтым щэкІэ Цхинвалри республикэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэмрэ кьыхэрегуам. Абы щыгъуэм щыхуищ хэкІуэлащ, щы уЗгъэ хьуащ.

Езы Курржым ибзыщІыкъым щІыналъэм зэреуар. Абы и унафэщІхэм жаЗ ар Осетие Инщэм яп щыкІэ Курржым и жылагъуэхэм ирадза удыным и жэуапу. АрщхьакІэ ар зэрыщІыр тэмэму гупсысэф цІыху псоми я дежкІэ гурыІуэгъуэщ.

Урысейм Курржр кьыхуриджащ щытыкІэр зэщІимыгъэпІэмэ икІи абы жриІащ иджэк Іуэху мыхьэмыщІэхэм яхуэфащэ жэуап зэрагъуэтынур.

Фигу кьэдгъэкІыжьищ, ипэІуэкІи Абхъазым лагъым зыбжанэ кьышыгъэуащ. А щІэпхьаджагъэхэр Курржым и Президент Сергей Кьаноковым и тхьдэмкІэ, географиемкІэ, экономикэмкІэ, топографиемкІэ, кІапсэ лэрыгъэхэр зэуэдзэнымкІэ. Псом хуэмыдэу щыкІуэм я гукъыдэжьи кьыІэтащ туристым ищІапхьэмкІэ зэрызэпеуам: абыхэм зэгъэувырт пщыІэхэр, льагапІэ щхьэхуэхэм тыншу дэкІырт, псынщІэу кьэжьыхьынми пэлъэщырт. Кьэпщытакіуэ комиссэм хэтхэм гулыитэ хэха хуащІащ ныбжьыщІэхэм зыр ядрейм дэІэпыкъун папщІэ кьагъэсэбэп Іэмалхэм. Турист ныбжьыщІэхэр зэрызэпеуа псомкІи пашэ хьуар Аруан хуэужь школхэм я еджакІуэхэрщ, ЕтІуанэ увыпІэр кьыхощ Псыгуэнсу дэт 1-щ школым. Эффективнэ кьэзыгъэлъэгъуэхэм ираташ щІыхь тхьпльхэр. Ягъэ увыпІэр кьэзыхьа Аруан еджапІэхэм кубок зЗІэпахырр кьалъысащ.

ЖАНХЪУЭТЗуэз.

◆ Илъэс 65-рэ и пкІэ (1943) щІидащІ Курск ебгъорыкІуэныгъэм (1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 5 - шыщхьэІум и 23-хэм) - XX лЭщІыгъуэм и зэхуэу нэхъ гуащІэ дыдэхэм яущыт хьуам. Абдеж белджылы щыхъащ ди дзэхэр Хэку заугъэпхуэм зэрыщытекІуэнур.

◆ Г930 гъэм кьалъхуащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд.**

◆ 1941 гъэм кьалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Даут Юрий.**

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакьикьэ 30-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 54-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъущ сыхьэт 15-рэ дакьикьэ 24-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 6, *тхьмахуэ*

◆ Осетие Ищхьэр - Алание Республикэм и махуэщ (1994). Илъэс кІэс яГъэлъапІэ бадзэуэгъуэм и яп тхьмахуэ махуэм.

◆ Литвам щагъэлъапІэ Къралыгъуэм и махуэр. Илъэс 755-рэ и пкІэ тетыгъуэр Іуэрыкъап. Литвам и тхьдэм щыяпэу икІи щыжьрейуэ щыта пащтыхь **Миндаугас.**

◆ Чехием щагъэлъапІэ **Ян Гус** и фоеплъыр. Властхэмрэ католик члисэмрэ зэрахьэ залымыгъэр зымыда Гус 1415 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м и суд ящІауэ щытащ зэрагъэсыну.

◆ Ягъэува хабзэм ипкъ иткІэ илъэс кІэс бадзэуэгъуэм и яп тхьмахуэ махуэм Псков областым и Себеж куейм щыІэхуоуэ Хэку заугъэпхуэм хэтагъэр. 1959 гъэм и бадзэуэгъуэм партизан щІыналъэ щІэрыІуэм япэу щыхэІущІащ Урысейм, Белоруссием, Латвием щекІуэкІа партизан зэщІэхъеныгъэм хэтахэр.

◆ Илъэс 85-рэ и пкІэ (1923) кьалъхуащ Польшэм и къэрал, политикэ лэжьакІуэ, армэм и генерал, 1981 - 1989 гъэхэм ПОРП-м и ЦК-м и яп секретару щыта **Ярузельский Войцех.**

◆ Илъэс 68-рэ и пкІэ (1940) кьалъхуащ Къэзахъстан Республикэм и президент, Къэзахъстанми и ЦІыхубз Лыхъжь **Назарбаев Нурсултан.**

◆ Илъэс 65-рэ и пкІэ (1943) кьалъхуащ Театр Иным и уэрэджьІакІуэ, СССР-м и цІыхубз артистхэ **Синявская Тамарэ.**

◆ Илъэси 190-рэ и пкІэ кьалъхуащ нэмыцэ шахматист, XIX лЭщІыгъуэм и стуанэ Іыхьлъэм дунейм и шахматист нэхъ лъэщ дыдэу кьалъытэу щыта **Андерсен Адольф** (1818 - 1879).

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 30-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 53-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъущ сыхьэт 15-рэ дакьикьэ 23-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 7, *блыщхь*

◆ **Шоколадым и европэпсо махуэщ.** 1550 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Америкэм кьраирри Испанием кьашащ яп шоколад ІофыкІэхэр.

◆ Бадзэуэгъуэм и 7 - 25-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ комитетым и 93-нэ сессиер.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 31-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 53-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъущ сыхьэт 15-рэ дакьикьэ 22-рэ.**

ПІалэнэр зыгъэхьэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъэмахуэм гупкІэ жьауэри унэщ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и органхэм я къудамэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм я лужьакІуэхэ я лэуэхуэм хэгъэхъуэным и Іуэхукіэ»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Федеральнэ къэрал граждан ІэнатІэм къулыкъуэр щызыІыгъ цІыхуэм мазэ кьэс улахуэу ират ахъшэм хэгъэхьуным и Іуэхукіэ» 2008 гъэм гъатхэпэм и 29-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №421-мрэ «Зыхьужмэжьныгъэм, хабзэр хьумэным ехьэлІа лэжьыгъэм, къэралым и щынагъуэщІагъэм я ІэнатІэм ехьэлІауэ щыІэныгъэращІэ гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я язныкьуэ кьудамэхэм я лэжьакІуэхэм улахуэр зэрырат щІыкІэр гъэтэмэмыным и Іуэхукіэ» 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №1027-мрэ япкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэм я органхэм я къудамэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм я псэукІэр егъэлІэкІуэныжькІэ яІэ улахуэхэм хэгъэхьуным и Іуэхукіэ» 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №1027-мрэ япкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэм я органхэм я къудамэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм я псэукІэр егъэлІэкІуэныжькІэ яІэ сомыщІэ зэхэтхьэ, **унафэ сощІ:**

1. 2001 гъэм мэкъуаугъуэм и 18-м «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и органхэм я къудамэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм кьулыкъуэкІэ яІэ улахуэхэм хэгъэхьуным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указыр зэрыщыгъуэм хуэдизу зэрызэІыхьар умылъагъункІэ Іэмал иІэкъым. Аращ абы и лъэныкъуэкІэ къэув кьалэнхэр гъэзэщІэнри «Этил спиртыр, фадэхэкІэхэр, спирт зыхэт продукцэр кьыхэрыщІагъэкІымрэ зэрызэблагъэкІымрэ къэралым иунэтІыным хагъэхьэну Урысей Федерацэм и законым щыхьэгъэхьар. А документым къыгъэув Іуэхуэхэр гъэзэщІэным Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм этил спирт щызыщІ Іуэхущ1ап1эхэр зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм Правительствэм щыхухаха сыхьэтым хиубыдэу.**

ТЕХНОЛОГИЕ, экологие, атом кІэлъыплъныныгъэмкІэ федеральнэ кьулыкъым Технологие, экологие кІэлъыплъныныгъэмкІэ и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Отаров Къумэн**и докладым кьыщІэлъэгъуащ спирт зыщІ ІэнатІэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр зыхуэй хуэгъэзэным иджыри къэс унафэ зэрытрамыщІыхьар. Іуэхущ1ап1эхэм спирту кьыщІагъэкІым нэхъ хуэдэ 12-кІэ нэхъыбэ бардзу кьонэ. Абы и зэманым зэремылэжьым, зыхуей зэрыхуамыгъаэм кьыхэкІыу экологием зэранытэ егъуэт. Дяпэкіэ этил спиртыр кьыщІэзыгъэкІэм нэхъ ткІийуэ ябгъэдыхьэну унафэ кьащтащ. «Этил спиртыр, фадэхэкІхэр, спирт зыхэт продукцэр кьызэрыщІагъэкІымрэ зэрызэблагъэкІымрэ къэралым иунэтІыным теухуауэ» Федеральнэ законым хэлъхьэжа зэхэтхьэныгъэхэм япкъ иткІэ спирт, кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ1ап1эхэм лажьэну хуит щащІыр экологием зэран хуэмыхьун Іэмалхэмкіэ бардзм зэрелэжьын технологиер зэтрагъэува ныжьщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м КЪБР-м и Парламентым зи пІалъэр къэмыса и зэІущІэ Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІынущ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президиум и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зорызыхуигъаэм теухуауэ».

ЗэІущІэм щІидзэнущ сыхьэт 11-м.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ап1э.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Депутатхэр егъэпІейтей

спирт зыщІ ІэнатІэм и пІадзхуэхэм щІыналъэр зэрауІэпІым

Нобэр къыздэсым спирт зыщІ предприятэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и псыежьэхэмрэ гуэлхэмрэ фІейуэ куэд хагъэльэдэ. Спиртыр къызыщІахуа бардзр къэгъэсэбэпыным илъэс Іэджэ хьуауэ топсэлъыхь. Ауэ иужь зэманым а Іуэхур пшэч мыхьэжьным хуэдизу зэрызэІыхьар умылъагъункІэ Іэмал иІэкъым. Аращ абы и лъэныкъуэкІэ къэув кьалэнхэр гъэзэщІэнри «Этил спиртыр, фадэхэкІхэр, спирт зыхэт продукцэр къызэрыщІагъэкІымрэ зэрызэблагъэкІымрэ къэралым иунэтІыным хагъэхьэну Урысей Федерацэм и законым щыхьэгъэхьар. А документым къыгъэув Іуэхуэхэр гъэзэщІэным Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм этил спирт щызыщІ Іуэхущ1ап1эхэр зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм Правительствэм щыхухаха сыхьэтым хиубыдэу.

ТЕХНОЛОГИЕ, экологие, атом кІэлъыплъныныгъэмкІэ федеральнэ кьулыкъым Технологие, экологие кІэлъыплъныныгъэмкІэ и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Отаров Къумэн**и докладым кьыщІэлъэгъуащ спирт зыщІ ІэнатІэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр зыхуэй хуэгъэзэным иджыри къэс унафэ зэрытрамыщІыхьар. Іуэхущ1ап1эхэм спирту кьыщІагъэкІым нэхъ хуэдэ 12-кІэ нэхъыбэ бардзу кьонэ. Абы и зэманым зэремылэжьым, зыхуей зэрыхуамыгъаэм кьыхэкІыу экологием зэранытэ егъуэт. Дяпэкіэ этил спиртыр кьыщІэзыгъэкІэм нэхъ ткІийуэ ябгъэдыхьэну унафэ кьащтащ. «Этил спиртыр, фадэхэкІхэр, спирт зыхэт продукцэр къызэрыщІагъэкІымрэ зэрызэблагъэкІымрэ къэралым иунэтІыным теухуауэ» Федеральнэ законым хэлъхьэжа зэхэтхьэныгъэхэм япкъ иткІэ спирт, кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ1ап1эхэм лажьэну хуит щащІыр экологием зэран хуэмыхьун Іэмалхэмкіэ бардзм зэрелэжьын технологиер зэтрагъэува ныжьщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м КЪБР-м и Парламентым зи пІалъэр къэмыса и зэІущІэ Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІынущ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президиум и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зорызыхуигъаэм теухуауэ».

ЗэІущІэм щІидзэнущ сыхьэт 11-м.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ап1э.

Илъэс зэхуэсым зыхуагъэхьэзыр

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым хэтхэм я зи чэзу зэІущІэ бадзэуэгъуэм и 4-м екІуэкІащ. Абы и гъэкьэфагъэм хэтащ �щІДАА-м и Президиумым хэт щІэныгъэлІхэу хэгъэуагъ зэхуэмыдэхэм кьыкІахэр.

ЗЭІУЩІЭР кьыхэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ �щІДАА-м и Президент **Нэхущ Іэдэм.** Ягъэ псалъэ зрата �щІДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**зэпкърыхауэ кьигъэльэгъуащ зыщыщхьэІум и 22-23 махуэхэм екІуэкІыну академием и зэхуэсышхуэмрэ абы щыгъуэм щыІэну щІэныгъэ конференцымрэ зэрызыхуагъэхьэзыр щыкІэр. Абы жиІащ �щІДАА-м и илъэс зэхуэсышхуэм кьрагъэблагъэнхуэр зыхуей зэхуэзэнхэр кьыхэзыхуэтыншэу кьыхэзгъэпэща зэрыхьэнур, конференцым доклад щызыщІыну щІэныгъэлІхэу Хьэтхъуэ Самир, Бэвыжь Мухьэмэд, Кьущхьэ Хьэсбэй сымэ зэрыхьэзыр.

Адэкіэ кьыхэхуэсахэр хэпльащ академием и член-корреспондент, академикыжь хьыхьну хуейуэ зи тхьлъ кьэзытахэм. Жэрдэм зиІэхэм иджыри кьатыну зэман базэрыгъэпэщащ ильэсиплІ хьауэ ящІ, ауэ я зэман кІэщІым кьриубыдэу ди гъэсэнхэм зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм медаль 12 кьыщІахьащ. Иджыпсту ди деж щыху 400-м щІигъу зыщагъасэ, лъакъуэрыгъажэ спортми республикэм зыщІижь зэпытщ», - жиІащ Лелюк Николай.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дыгъуасэ

Адыгэ Республикэм и Парламентым и депутатхэм

Адыгэ Республикэм и Парламентым и депутатхэм

Адыгэ Республикэм и Парламентым и депутатхэм

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и удостоверенэмрэ бгъэхэIу дамыгъэмрэ ятеухуа Положенэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и удостоверенэмрэ бгъэхэIу дамыгъэмрэ ятеухуа Положенэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №667-П-П-мкIэ кьищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи абы и гуздзэнхэу №1-мрэ №2-мрэ мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхъуи:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и удостоверенэмрэ бгъэхэIу дамыгъэмрэ ятеухуа Положенэм и гуздзэн №1

ДЕПУТАТЫМ И УДОСТОВЕРЕНЭР ЗЫХУЭДЭР

1. Депутатым и удостоверенэр зи жинтыр фэ дыхьэрэшым кьыхэщIыкIа тхьилъ цIыкIыщ, и инагъкIэ (зэтехауэ) мм 190х65 хъуэ, и жинтым и хуэм хуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр тету, абы и лъабжьэм саториту «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламент» псалъэхэр тетхауэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербымрэ абы и лъабжьэм щIэт псалъэхэмрэ дыщэпскIэ тхащ.

2. Удостоверенэр кьызэтехуа нэужь и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр хужь-сырыхуфбэщ.

3. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ:

ищхьэмкIэ сэмэгурабгъум хуэдэу Урысей Федерацэм и Къэрал гербыр щхьэхIэплъыкIэу тетщ;

ищхьэмкIэ дахьеяуэ икIи и кум хуэдэу зы сатыру (фIыщIэкIэ тхауэ) тетщ «Урысей Федерацэ» псалъэхэр;

ищхьэмкIэ дахьеяуэ, сэмэгурабгъумкIэ щыIэу икIи и инагъкIэ Урысей Федерацэм и Къэрал гербым и инагъым хуэдиз хъуэ щхьэхIэплъыкIэу тещIыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр;

сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ, нэхъ къехьэхауэ, кьыщыгъэнащ удостоверенэр зэрытам и суратэш зытрагъэпщIэну щыIпIэр (мм 30х40 хъуэ);

суратэш щIагъэбыдэж галорраммэ щхьэхIэплъыкIэ хьурейкIэ, и диаметрыр мм 25-рэ хъуэ, и кум хуэдэу Урысей Федерацэм и Къэрал Гербыр тещIыхьауэ, и хьуреягъкIэ къежIэжыкIуэ зэхэфыщхьэкIэ «УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭ» жиIэу тету;

ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ, нэхъ къехьэхауэ сатырищу зэтету (плъыжькIэ) хьэрфышхуэкIэ тетхащ «КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ И ПАРЛАМЕНТ» жиIэу;

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ И ПАРЛАМЕНТ» псалъэхэм я лъабжьэм зы сатыру щIэтхащ (плъыжькIэ) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэхэсыгъуэу удостоверенэр зратар зыхэтым щыщIидзэ, ар щиух гъэхэр;

нэхъ къехьэхауэ, скобкэхэм дэту (плъыжькIэ), зы сатыру иригъэу тетхащ зэхэсыгъуэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэмрэ «зэхэсыгъуэ» псалъэмрэ;

ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ, и лъабжьэм хуэдэу зы сатыру щIэтхащ «Щрата эманыр « » « » « » жиIэу икIи удостоверенэр щрата гъэр абы щIыгъуэку.

4. Удостоверенэр зэтепха нэужь и ижьрабгъу лъэныкъуэм тет псалъэхэм кьащIэувдзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал ныпыр щхьэхIэплъыкIэ тету (ищхьэмкIэ щыIэ и Iыхьэ щанэр щхьэз-щыхуфэу, и кум хуэдэ Iыхьэ щанэр хужьу, илъабжьэмкIэ щыIэ Iыхьэ щанэр удзыфэу), и кум хуэдэ Iыхьэ щанэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унэм и суратэр тедзащ.

5. Удостоверенэр зэтепха ижь, и ижьрабгъу лъэныкъуэм:

сэмэгурабгъумкIэ, ищхьэм зэхуэу (щхьэз-щыхуфэ Iыхьэм) щхьэхIэплъыкIэу щIа галорраммэ хьурей тетщ, и диаметрыр мм 25-рэ хъуэ, и кум хуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр къыщIэкIуэкIыу хьэрфышхуэкIэ «КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ И ПАРЛАМЕНТ» жиIэу тетхауэ;

ижьрабгъумкIэ, ищхьэм хуэдэу (щхьэз-щыхуфэ Iыхьэм) хьэрфышхуэкIэ тету «УДОСТОВЕРЕНЭ № ____» псалъэм и лъабжьэм сатыриту щIэтхащ (фIыщIэкIэ) удостоверенэр зратам и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр;

нэхъри къехьэхауэ сатыритуу тетхащ (фIыщIэкIэ) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат» псалъэр;

сэмэгурабгъу плIанэпэм, и лъабжьэмкIэ къехьэхауэ (удзыфэ Iыхьэм хуэдэу) сатыриту тетщ (фIыщIэкIэ) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI» псалъэхэр, абы щIэтха зэрыщIэкIэ, ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ итщ щIэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и цIэмрэ и адэцIэмрэ я кьегъэжьапIэ хьэрфхэр, абы и унэцIэр.

6. Удостоверенэр зэтепха ижь лъэныкъуэтIми тхэпс тегъэлъэдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и удостоверенэмрэ бгъэхэIу дамыгъэмрэ ятеухуа Положенэм и гуздзэн №2

Депутатым и удостоверенэм и теплъэр



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм, мэкъуауэгъуэм и 26-м
№1476-П-П

(КIуэхугъэр. ПэщIэдзэр 1-нэ нат.).

Отаров Къурмэн зэрыжиIамкIэ, республикэм щыIэ спирт заводхэм я нэхъыбэм къагъэсэбэпыр бардэм хэхъуэ кхъухэхунымкIэ, гъэгъущынымкIэ Iэмэпсымэрщ. Ар зыкъомкIэ сэбэн мэхъу адрей псы фIейр ягъэжьбэзэн папщIэ. Ауэ нэгъэсауэ я технологием арэзы укьищIынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы кьыхэкIыу «Докшукино» ерыскыы комбинат ООО-м, «Главспирт» ООО-м, «Камаз» ООО-м, «Русь» ООО-м кIэрыкуэбжьэрыкуэ поори зыхуэй хуамыгъэзэфми, бардзу зэлажьыр нэхъыбэ ящIурэ йокIуэкI. Дызэрыт илъэсым кьриубыдэу бардзм зэрелажьын Iэмэпсымэ кьыхуашэнэр хуагъэувнуц «Астерр»-ем ООО-мрэ «Бикар-К» акционер обществэ зэхуэщIамрэ.

А псомэ кьаджкIуэу Отаров Къурмэн кьигъэлъэгъуащ этыд спирт кьыщIэзыгъэкI IуэхугъэкIэ кудым, псалъэм папщIэ, «Майкэр» ерыскыы комбинат ООО-м, «Фарма-спирто» ООО-м, нэгъуэщIхэм, Федералыгъэ законым кьигъэув кьалэнхэр нэгъэсауэ зэрахэзымыгъэзэщIэнур. Къэпсалъэм хэхауэ кьигъэлъэгъуащ этыд спирт кьыщIэгъэкIынымкIэ республикэм и президент нэхъ ин дыдэм, «Къалащхьэ» ООО-р, бардзр гъэкъэбзэным сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи зэрыхуэмыхьэзырыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Iуэхущ Iапэ кудым, зэрахъэфIэкIкIэ законым къыпакIуэкIыу, бардзэпсыр къапэщIэхуэм и деж щракIуэ икIи ди щIыналъэр егъэлеяуэ яуцIэпI.

Депутатхэр егъэпIейтей

спирт зыщI IэнатIэм и пыдзахуэхэм щIыналъэр зэрауцIэпIым

Президиумым хэтэр доклад зыщIам Iуэху кудкIэ еупщIащ. Абы кьыщыщ Федералыгъэ законым кьигъэув кьалтнхэр зымыгъэщIэ заводхэр щIыгъэхуамыщIыным и щхьэусыгъуэр (КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудэ **Федченко Людмилэ**), цIыхухэм бардзу иращэр зыгъэпсыхьыр, адрей кьанэр здахьыр (КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудэ **Берх Хьэрэталий**). Бардэр экологием зэрыхуэхъуэм и щапхъэ зыще-спикер **Бозий Натбий** кьихьащ Прохладнэ, Майкэ кьалэхэм я гъунэхэм ущыбауэ мыхъуу мэ бзаджэ зэрыщIэр.

БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщым и къудэ **Колесников Александр** зэрыжиIамкIэ, ику иту республикэм кьыщхьэ бжыгъэзэм ебгъапщэмэ, Майрайоным лыих (онкологие) кьыщыкIэ процент 17-м щIигъуэкIэ щыпхъыбэщ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узынышагъэ хъуэмэ, нымкIэ комитетым и унафэщI **Иванов Игорь** депутатхэм ягу кьигъэкIыжащ экологие экспертизэм пхымкIэ Iуэхущ Iапэр дзжьэну зэрызыумытыр.

ЗэIущIэм кьыщыщыпсалъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хьэмэныгъэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкIэ министр **Шинов Владимир** жиIащ мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр псомэ кьаузрыгурыIуэр, абы кьыхэкIыу этид спирт кьыщIэзыгъэкI Iуэхущ Iапэ зэрыщIэ Iэмэпсымэ зыщэ фирмэхэмрэ я лIыкIуэхэр кьызрихьэлIа зэIущIэ зэрыгъэзекIуэкIар.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскыы пхъэкмкIэ и министрым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Ксанаевэ Римм**э кьыхигъэщащ бардзр инэжьыпIэкIэ экологием зэран зэрыхуэхъуар, ар зыхагъэльадэ псыежьхэр зэрызэIыхьэр. Зыкъ ди щIыналъэмрэ псыхэмрэ а щIыналъэм польэц. Ауэ апхуэдизу зэпымыууэ екIуэкI зэрымыкъуэнур гурыIуэгъуэщ. Абы кьыдэкIуэу кьэльатапхъэщ производствэм кьыщIэж фIеи-псыр нэсу гъэжьхэзэныр течэ технологиер зэтетхуэрывным ахъшэшхуэ зэрытекIуэдэнур, хъэрычэт лъжьакIуэхэм а ахъшэр кьаузрыхуэмылэжьыжынур. «Спирт зыщIхэм ар фIыуэ кьагурогуIэрэ, экологиер хъуэмэным зрагъэлIалIэркъым, теутIыпщхьаэу лажьэу аращ», - кьыхигъэщхьэхукIащ Ксанаевэ Риммэ.

Президиумым я зэIущIэм кьыщIатэ Iуэхум зэрепльыр кьаIуэтащ. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и зэуапфэщIэгъуэхэм ящыщ **Сэхьу Владимир**, ЗаконодательствэмкIэ, кьэрал хуэзыгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхуэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**, Лъэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Джэш ФатIимэ**, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Гончаренко Михаил** сымэ.

«Спирт заводхэр республикэ бюджетым и хэхъуэкэр кьыхэщIэгъэзэгъэныкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэнатlэщ, ауэ ар тегъэщIапIэ ящыщ дыкъэзыухъуреихь дунейр яуцIэпIыныр кьэбгъэзекIуэ Iэмал иIэкъым», - пыухыкIауэ кьыщацIэ гъэлъапIэщ Президиумым и зэIущIэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс** Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкIэ комитетым хунгъэуващ мы Iуэхум и щытыкIэр нэгъэсауэ зэхигъэкIыну. Экологие щынагъэншагъэ кьызэгъэпэщынщ, псыеижхэр емыгъэущIэныр апхуэдэу кьыщыхалъхьэну я мурадщ Урысей Ипщ Парламент Ассоциацэм и зи чэзу зэIущIэм.

- Iуэхур икъуэкIэ узыгъэпIейтейщ, абы кьыхэкIыу депутатхэм яхуэзэфIэкI псори ялъэкьын хуейщ ди щIыналъэм щыIэ мыхъумыщIагъэхэр гъэзэкIуэжьным хуэунэтIауэ,- жиIащ Бечелов Ильяс.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Бадзэуэгъуэм и 6-р Тенджыз, псы ежэх флотым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Зыужьынытъэм и къуэпсхэр

Дунейм тет цIыху псорэ дахьэ х тенджызхэмрэ псы ежэ ххэмрэ. Щысабийм хэт щIэмыхьыщэпсар кьхъуэ абрагъуэхэм ятIыхьэу зы жьыкIэхэр зэпаупщIыным. Индыз хуэдэ псы абрагъуэм и Iуфэ тетыдджэхэр зрагъэлъагъуным?! ХъуэпсапIэр хъуэпсапIэщ, ауэ нобэ зи гуфIэгъуэр яIэт Iэнатlэм экономикэмэ дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ. Псом хуэмыдэу тенджызэ 13, зыщ 2 кьыззуалIэ Урысей Федерацэм и дежкIэ. Абы кьокI ди къэралыр псыкIэ дунеи псом щынэхъ къуенуэ.

Нобэ зи гупсу тщIы махуэшхуэр ягъэтлапIэ 1924 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м «Совторговфлот» АО-р кьызэрызрагъэпэщам и саулыкъуэкIэ. Ар къалъытэ СССР-м и Iенджыз флотыр кьыщыныэхуа махуэу. Тенджызэ, псы ежэх флотым и лэжьакIуэхэм я гуфIэгъуэр ильэс кьэс бадзэуэгъуэм и япэ тхъэмахуэ яIэт, СССР-м и Совет Нэ хъыщхьэм и Президиумым 1980 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ.

СССР-м и зэманым ди къэрал абрагъуэм иIащ тенджызэ, псы ежэх, мылькъутэ флот лъэщ. АбыхэмкIэ хьэпэтэ куэд кърашэкIырт. Совет Союзыр лъэпкъэжа нужь мы Iэнатlэри, адрейхэм Iуэлъу, еуэхауэ щытащ. Ауэ ар зы зэманти, блэкIащ. Урысейр лъэ быдэкIэ кьызэфIэувэжу хуежьа нэужь, флотми зыкъИэтэжкIащ. Иджы абыкIэ Сыбырым, Индыкъэр Жьыкъэм, къуэкIыпIэ лъэныкъуэм ильэс кьэс гъэмахуэ зэманым и дежкIэ зэрызэпхъуэ хьэпшыпу, гъэсынпхъэу, нэхъыщхьэр арацIи, ерыскъыпхъэу а щIыпIэхэм щыIэ мыхьэ кIыпIэ зыхуеинмэ хуэдиз. Псом хуэмыдэу кьыхьэдгъэщыну дыхуейт мылпIэ флотыр. Апхуэдэ флот адрей къэралхэм ямыIэхэу жыпIэ хъунущ. Араци, ящэ хьэпшыпхэр зыхуахаха щIыпIэм нэхъ гъуэгу кIэщIкIэ нагъэсын папщIэ, дзэ абы и гъэныкъуэкIэ диIэ лъэщагъыр кьагъэсэбэпыну мурад ящIащ. Абы теухуа зэгурыIуэныгъэхэр Урысейм кьращIыпIащ е дяпэкIэ кьращIыпIэну хущIокIу.

ЗэрытгъатIагъуци, инщ, еблэмэ гъунапкъэнщэщ тенджызэ, псы ежэх флотым и мыхьэнэр. Ауэ ди псалъэр ныкъуэ хъунт, щIыхуэхэр кьеIэщкIын и пэнныкъуэкIи абы лъэжьыгъэщхуэ дыдэ зэрызэфIигъэкIыр къэдмыгъэтъэгъуэтэмэ. Ди кьэралыр абрагъуэщ. Языныкъуэ щIыпIэкъым, псом хуэмыдэу Сибырым, псы ежэх флотращ зы псым и IуфитlымкIэ щыпсэу щIыхуэхэ зэпызыщIэр. Дэ и гугъу тщIыхьэнкъым иджыпсейр кхъухь дзгъуэжэм ису щIыху куэд дыдэ къэрал зэмылIужьыгъуэхэр кьаплъыхьыну (ди гуапэу кьыдогъэпсатъуэ ди реупльникъм и кьалащхьэм и щIэр зезыхьэ «Налшык» ешлоходри илъэс куэд хьуауэ а Iуэхум зэрыпIэрытыр), я нэгу зрагъэужьыну зэрежьр.

КъАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Бадзэуэгъуэм и 5-р Кооператорхэм я дунеипсо махуэщ

Хъарзынэу Iуощ Iэ

Мы гъэм и пэщIэдзэм зэхэтащ «Къэббалькъреспотребсоюз»-м и потребительскэ обществэхэм я лIыкIуэхэм я отчет-хэхыныгъэ зэIущIэр. Абы щыIэпкърахауэ щытащ нужьрей ильэсэ 5-м я Iэнатlэм плажьакъэмрэ дяпэкIэ къалэщыт къалэнхэмрэ.

Абы лъандэрэ блэкIа зэманым кьриубыдэу я Iуэхум зэрехьуIэмэрэ я махуэм зэрырихьэлIэмрэ тедгъэпсэльыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ «Къэббалькъреспотребсоюз»-м и правленэм и унафэщI Кьэнэмэт Башир.

- **Башир, илъэс кIуэхэм фи Iэнатlэм и лэжьыгъэр лъэпощхьэпо куэдым къальахьэу щытащ. Иджы фи Iуэхуэхэр йофIэкIуэж, екъуалIэныгъэ нэрыльагъуэхэр фиIэщ. Абыхэм я гугъу у зэгъэщIынут.**

- Илъэси 5 блэкIамкIэ дгъэзэжыныщ, 2003 - 2007 гъэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм кьищтащ республикэм потребительскэ кооперацэм зыщегъэужьыным теуха унафэ хэхауэ щIы. Зи гугъу тщIы унафэхэмрэ КъБР-м и Парламентым кьыщызэрагъэпэща «стIол хьурейм» щагубзыхуахэмрэ дытету нужьрей эманым ди лэжьыгъэр доунэтI.

2007 гъэр духащ хэхэуэ сом мелуан 812-рэ диIэу. Рознищэ сатум проценти 182,6-кIэ, оптым - 194,7-кIэ, Iуэхутхьэбзэхэм проценти 174-кIэ хэхьащ.

Потребительскэ кооперацэм республикэм и экономикэм щIэ мыхьэнэр нэхъыщхьэу кьызэральытэр рознищэ сатум и кьызэгъэпэщыкIэр сату Iуэхущ Iапэхэм я щытыкIэмрэщ. Абыхэм ди нэIэ зэрытедгъэтым и сэбэн кьыдокIыж.

- **ЗэрыжыпэмкIэ, фи махуэм мыеIуэу фрохьэлIэ?**

- Абы щэч хэлъкъым. Къыпащтэмэ, тыкуэнхэмрэ шхапIэхэмрэ зэдгъэпэщыжри, жылагъуэ псомэ кьыщызэIутхьыжащ. Иджыпсту абыхэм я бжыгъэр 400-м ноблагъэ. Сату Iуэхущ Iапэ, шхапIэрэ хьуманIэу 98-рэ кьызыхуэ этыншэу зыхуей хуэдгъэзащ, тыкуэн 19 щIэрыщIэу зэдгъэпэщыжащ. А Iуэхум хуэхэтхащ сом мелуани 7-м нэблагъэ.

Нэгъабэ хуэдэу, мы гъэми лэжьыгъэфIяIущ Теувэж Лю дэ, Iэрыпщэ Аскэрбий, Ныр Руслан сымэ зи унафэщI райпохэм, «Кооператор», «Зэкъуэтыныгъэ» потребобществэхэм, «Кооспнаббазэ», «Анзорей ТПК», «Шэрэдж общепит», «Шэджэм зыгъэхьэзыр-къыщIэзыгъэкI комбинат» ООО-хэм.

- **Мазихым кьрикIу ам тхутепсэльыхьыт, Башир.**

- Илъэс ныкъуэм щIыхуэхэм хьэпшыпу етщащ сом мелуан 93-м щIигъу и уасэ. Ар зытедухуауэ щытам мелуани 2-кIэ щIегъу. Iыуэ тонн 350-рэ, гъэшхэжIыу - 676-рэ, хадэх жIыу 460-рэ, джэдыкIэу мелуанрэ мин 500-рэ, кIэртIофу тонн 325-рэ, пхъэщхьэмыщхьэу тонн 227-рэ дгъэхьэзыращ. Щакхъуэрэ щакхъуэхэкIыу тонн 400, Iэфыкъуэ тонн 60, нэгъуэщI ерыскъыхэкIыу сом мин 600 и уасэ кьыщIэдгъэкIащ. КIэщIу жыпIэмэ, мазихыр хэхъуэ диIэу духащ, нэхъыбэхэр ди плъапIэщ.

- **«Къэббалькъреспотребсоюз»-м зэхилхьащ республикэм и потребительскэ кооперацэм дяпэкIи зэрызэпхуэжыным и программэ. Абы и гугъу кьытуэпщIащ арат.**

- Ар дгъэхьэзыращ нэгъабэ ди лэжьыгъэм нэхъыфIу хэлъаэр кьытльытауэ. 2008 - 2012 гъэхэм тещIыхьа программэм зэрыщыдубзыхуамкIэ, рознищэ, оптатухэм, шхапIэхэм фейдэуэ кьахьыныр илъэс кьэс процентI 10-12-кIэ, мэкъумэшхэкI зэмылIужьыгъуэу кьэтщIхуэм процентI 5-м кьыщыщIэдзауэ 40-м нэсIэ, промышленнэ продукцэм процентI 5-20-кIэ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэу яхуэтщIэм процентI 9,5-11-кIэ хэдгъэхьэунущ.

2012 гъэм ирихьэлIэу унагъуэхэм лыу я кьеIытыр тонн 1078,5-м, гъэшыр - 1756-м, кIэртIофыр - 1188-м, пхъэщхьэмыщхьэр - 1487-м, хадэхэкIэр 2952-м нэдгъэсыну ди мурадщ. Абы папщIэ ди Iэуэщ Iапи Iэхэм я мылькъу-техникэ лъабжьэхэр дгъэбыдэнущ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр, дызыхуеину транспортыр, Iэмэпсымэхэр кьэтщэхунущ, Iэнатlэщ Iэхэр кьызэIутхынущ.

А мурадыфIхэр кьыддэзыIыгъ республикэм и потребительскэ кооперацэм и лэжьакIуэ псоми Кооператорхэм я дунеипсо махуэ кьэкIуэ хуей.

Си гуапэщ дэтхэнэми узынышагъэ быдзэрэ унагъуэ насыпрэ иIэну, гуфIэгъуэ куэд ильагъуну.

- **Фыщ Iэ пхузощ Iэ, Башир, ди псальэмакъым узэрыхэтам папщIэ.**

Епсэльар **УЭРЭЗЕЙ Рашидщ.**

Шэджэм псыкъельэхэр гъэмахуэм егъэлеяуэ дахэщ. *Сурэтыр* **КОЗУБ Валерие** *трихащ.*

● Футбол

Хомич Дмитрий: Фыуэ сыджэгунырщ си къалэныр

